# Бозатаўлы Абдирасул Online typing english competition таңлаўында бронза медалын жеңип алды

2020-жылдың 26-27-апрел күнлери ELPC шөлкеми  тәрепинен 1-11-класс оқыўшылары арасында OTEC (online typing english competition) таңлаўы өткерилген еди. Оған Қарақалпақстан Республикасы Бозатаў районындағы  3-санлы мектептиң 8-класс оқыўшысы Абдирасул Уббиниязов қатнасып, бронза медалын жеңип алды. 2021-жыл Абдирасул ушын әўметли басланды. Өйткени, ол жақында Ташкент қаласында өткерилген "National spelling Bee Lexical skills competition" атамсындағы пәнлер олимпиадасының финал басқышына белсене қатнасып, арнаўлы сертификат ҳәм статуетка менен сыйлықланды.

Бозатаў районы ҳәкими М.Қайпанов өз билими менен районымыздың абырайын халықаралық ҳәм миллий таңлаўларда мүнәсип қорғаған  Абдирасулди қутлықлап оған миннетдаршылық билдирди.

Image not found or type unknown

Бозатаў районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети